ZVININIPISE

[Hama Neville vanozivisa Hama Branham—Mupepeti.] O, Hama, unofanira kubvuma kuti izvi zvavhundutsa. Ndiri kuda kungopa chiziviso zvino, "Ngachinzverwe pano: kuti ini ndifunge chinhu chakadaro." [Hama Branham neungano vanoseka.]

2 Ndinonyatsofara kuva pano nguva dzose. Rwendo rwedu rwave kusvika kumagumo zvino, rwekunge tichigara nemi. Nokuti, tine mumwe musangano uri kuuya izvozvi muChicago, uye ndinofanira kuti mhu—mhuri idzokere kuArizona nenguva isipi. Zvino havasati vambova nezororo ravo remuzhizha nazvino, uye ndiri kufanira kuvatora ndoenda navo pakarwendo kaduku nemotokari kune imwe nzvimbo, mumazuva mashoma. Uye zvadaro zvichida ndichange ndisipo kwerimwe, zuva rimwe, rimwe zuva reSvondo, uye zvadaro svondo rinotevera ndinotanga muChicago. Zvadaro ndinotofanirwa kudzoka ndakananga kuno, uri Muvhuro, ndobva ndaenda navo kuArizona.

3 Uye zvino ndinongovenga kuuya mangwanani eSvondo, ndotora nguva iyo apo munhu wese anenge achinzwa zvakanaka. Svondo manheru, unenge nguva dzose waneta wapera basa, manheru eSvondo; zvino wopa shumiro yemanheru kumufundisi wedu, izvozvo—izvozvo zvinenge zvakaipa. Asi handifarire kuzviita, asi zvakadaro Svondo manheru ndinozviita, Svondo manheru, kuva neshumiro Svondo manheru, zvino ndinotora nguva yakareba ndiine vanhu. Vazhinji vavo vanouya muno vachibva kure zasi kuChamhembe uye—uye nekure kuMawodzanyemba, uye vanenge vaine, o, dzimwe nguva vanotyaira masikati neusiku, kungoitira kuti vasvike kuno kushumiro imwe chete, zvadaro vodzokera. Zvino ndicho chikonzero ndichiedza kuzviita Svondo mangwanani, pandinouya, zvinovapa mukana wokudzokera.

4 Vashanyi vanovimbika, vakatendeka, ndinovakoshesa! Vanotyaira nemudutu, mvura inonaya, nezvimwe zvose, kuti vasvike pano, kumativi enyika, mazana emamaira, kungoitira shumiro imwe chete duku. Saka zvinondiita kuti ndinzwe kutenda kunaMwari, uye nekuvanhu ava, nokuda kwe—nokuda kwetsigiro yavo huru, pane zvandiri kuedza kutaura, kuvanhu, kuti ndezveChokwadi.

5 Zvino, ndinotenda ichi iChokwadi, ini . . . nemoyo wangu wose. Dai paiva nechimwe chakasiyana, chandaifunga kuti chiri nani, ini—ini zvirokwazvo ndaitotanga ndaenda . . . handizokumbira mumwe munhu kuti aende uko kwandisina kunge ini ndatanga ndaenda, kunoona kuti ndizvo here kana

kuti kwete. Hapana munhu wandingakumbire kuti—kuti aite nhano imwe chete, munaMwari, iyo yandinenge ndisina kunge ndatoita nekare uye ndave kuziva kuti iChokwadi. Kutanga, rinofanira kunge riri Shoko raShe, zvadaro ndinofanira kupinda ndoona kana ndizvo here. Uyezve kana zviri izvo, zvadaro ndinokwanisa kuti, "Uyai kwirai nekuno *uku*." Muri kuona, kugadzira nzira.

6 Uye, zvino, ndinofunga kuti chero mushumiri anofanira kudaro, anofanira kutanga aenda, pachake. Anofanira kunge ari mutungamiri, mutungamiri wevanhu, kwete kutaura chinhu chaasingagone kuisa ruwoko rwake pachiri, pachake. Tinofanira kuenda tova vatungamiri vevanhu.

7 Mangwanani ano, ndava nechiitiko chisinganzwisisike, chakatsaurwa pano papurupiti. Zvino ndeapo, kuda pachikamu chokuguma cheMharidzo, ndanga ndisina kuronga kuzvitaura nenzira iyoyo. Maona? Asi ndinofungidzira kuti zvatotaurwa kare, uye hapachisina zvandinogona kuita nezvazvo zvino. Asi ndasvika kumba, ndatanga kunzvera nezvazvo.

8 Uye tava nemubatanidzwa muduku wemhuri nhasi, panga pachingori nevanun'una vangu nevamwe. Amai vakaenda. Uye taiwanzosangana kumba kwavo, uye zvino tave kuenda kwaDelores. Tava nenguva yakanaka kwazvo ikoko masikati ano, tichikurukura, naTeddy anga aripo. Taimba dzimwe dzimbo, ndokuridza dzimbo dzokunamata nezvimwe.

9 Zvino ndinofunga, pamwe Svondo inotevera, kana Ishe vachida, kana Hama Neville vasina havo basa nazvo, zvino ndichazoda kuva neshumiro yekupodzwa kwevarwere, inongori bedzi yezvekupodzwa. Uye ini—uye ini ndinofunga, neMharidzo mangwanani ano, nzira iyo Ishe yavaita sokunditungamirira kuti ndiIunze, kuIunza, zvinofanira kutikurudzira zvishoma, munoona, kuti—kuti—kuti tigonyatsotenda. Ti—tinotamba, uye ti—tinofunga zvinhu zvakasiyana pamwe nokutaura pamusoro pazvo. Asi kana zvino zvasvika pamangange, zvinenge zvasiyana. Se . . .

10 Mumwe munhu anga achindiudza, ndinotenda yanga iri hama yangu kumashure uko, yanga ichindiudza imwe nya—nyaya duku nhasi, pamusoro pemumwe murume, mu—mushumiri newake . . . vamwe, mumwe weungano yake, akati anogona kufamba nepamusoro pedanda.

Iye ndokuti, "Mufundisi, ichokwadi, Ishe vanemi."

Ivo ndokuti, "Ndinogona kutakura danda kumusana kwangu, pandinoyambuka."

"Ichokwadi, Ishe vanemi." Zvino vakaenda ndokuzviita.

11 Vakati, "Ndinogona kutakura danda, pamwe chete nebhara ndichiyambuka, panguva imwe chete."

12 “Chokwadi, Mufundisi, Ishe vanemi. Kutenda kwenyu kunokwanisa kuita chero chinhu.”

13 Vakati, “Ndinokwanisa kukuisa mubhara, pamwe nokutakura danda.”

Iye ndokuti, “Chimbomirai zvishoma!” Muri kuona?

14 Zvinosiyana kana iwe wabatanidzwa mazviri, pachako. Maona? Zvino, izvozvo, zvakatinakira zvikuru kuti tigoti pano, “Ameni.” Zvakatinakira zvikuru kuti tigoti, “Ndinotenda kuti ichokwadi.” Asi chizviitaka. Unofanira kuzviita.

15 Pandanga ndichiunza chitaurwa chiya mangwanani ano, vanhu vakanga vakarara mumumvuri waPetro, havana kana kumbokumbira munamato.

16 Ndakapinda mudzimba dzakawanda, ndichizvitarisa. Ndonamata ndisati ndaenda, ndobva ndangoenda imomo nechizoro, uye ndorega kana kutombonamatira vanhu vacho, ndofamba ndichibuda zvino vobva vapora. Maona? Maona? Ndizvo chaizvo. Ndakazviona zvichiitika nguva dzakawanda! Maona? Unofanira kunge uine pamwe panhu paunoisa kutenda kwako. Unofanira kuzvitenda. Uye ndinotenda kuti nguva yaswedera, uye ndiyo ino.

17 Uye ndinocherechedza kuti ino haisi shumiro yetepi. Vanogona kungozvigadzirirawo yavo duku, asi ino haisi tepi inoenda munyika yose. Va . . .

18 Izvi zvandanga ndichitaura nezvazvo mangwanani ano zvanyatsotisvitsa pa—panhongonyn’a, uye ndicho chikonzero ndiri kuzotora musi weSvondo unotevera kuti ive shu—shu—shumiro yekupodzwa. Nokuti, kubvira pandakanga ndiri kumba, ndakakuudzai maererano nezviratidzo uye nezvakaitika, nezvose, ndokuzviunza, kuti sei ndakaita zvinhu zvose izvi. Uyezve mangwanani ano, ndokuzviunza pakudhonza kuya kwekupedzisira.

19 Zvino yave nguva yangu yekuzvipira kunaMwari; nguva yaMwari yokutaura neni. Onai, ndi—ndi—ndinotofanirwa kuva neshanduko duku muhupenyu hwangu. Kwete sekufunga kwandingaita kuti ndiri munhu akaipa, asi ndi—ndiri kuda kunzwa kunge ndati swederei pedyo nevanhu. Maona?

20 Vanhu vandakaedza kutaurira Chokwadi cheEvhangeri ichi, zvino vanoChifuratira, zvino vofamba vachienda vachiChiseka. Zvino, kwandiri, zvinoita sokuzvidza. Handina basa nazvo, kwandiri; asi kuzvinhu zvandanga ndichitaura, Ichokwadi chiri kuedza kuvabatsira. Sokusairira chikepe, woti, “Hezvo, hezvinoi izvi, yambukira mhiri! Hezvo, budai kubva muhova iri kufashukira, uchafa! Iwe, uchapararira imomo!” Uye vanongokuseka, vofamba vachienda. Saka, kwandiri, zvinoita sokunge, kana vakabva vachienda, hapachisina chimwe chinhu chandinogona kuita nezvazvo, munoona, chandinogona kuita.

21 Asi ndinoda kumhanya ndichidzika nemahombekombe zvino ndovanyengetedza, "Dzokai!" Munoona, ndinofanira kuva nemanzwiro acho, munoona, nokuti ndinoziva kuti kune munhu kunze uko asati apinda nazvino. Uye ndicha—ndicharaura kusvikira . . . Akati, kusvikira hove yokupedzisira yabatwa. Ndi—ndinoda kuzviita.

22 Zvino, uye zvino, kuti ndizviite, ndiri kutarisira chimwe chinhu kuti chiitike mushumiro yomunamato. Chimwe chinhu . . . Uye vazhinji venyu munorangarira chiratidzo che—cheKudhonza kwekupedzisira, Kudhonza kuya Kwechitatu, waro. Munorangarira, pane chinhu chakaitika izvozvo zvisati zvaitika: ndakaona Chiedza chiya chichiuya ndokudzika munzvimbo iya, uye ndokuti, "Ndichasangana newe imomo." Zvino ndiri kutarisira kuti chimwe chinhu chiitike.

23 Pano makore apfuura, zvaiitika kuti shumiro nokunzvera zvakavanzika zvaindiita kuti ndipere simba kusvikira ndave kudzadzarika. Vazhinji venyu munozvirangarira. Zvaingosvika pachinhano chokuti ndaimira zvino ndova naJack Moore kune rumwe ruwoko, neHama Brown kune rwumwe rwacho, vondifambisa kukwira nokudzika nomugwagwa, kweawa mushure meshumiro. Zvino ndaingoti, zvaiitika, kuti ndainge ndiri kufunga kuti nde—ndekupi kwandainge ndiri uye kuti chii chainge chiri kuitika. Zvino, ndorara usiku hwese ipapo ndichifunga nezvazvo, ndosvimha nezvimwe zvose, ndonetseka kuti sei vasina kugamuchira Ishe wedu Jesu.

24 Zvino Vakandiudza chiratidzo, "Pane imwe nguva uchasangana nemudzimai achauya kwauri, akapfeka sutu yebrown, achange akatakura kamwana kaduku mugumbeze, zvino kubvira panguva iyoyo, uchange wava nesimba rokukwanisa kuramba wakasimba." Saka, ndakakuudzai imi zvose. MuChicago zvakaitika, usiku huya mudzimai muduku wechiPresbyterian, apo mufundisi wake akamutumira zasi ikoko nemwana.

25 Ndinotenda yakanga iri hama yake, kana kuti mumwe wavo, akanga ari chi—chiremba. Akati, "Hapachisina tariro pamwana kunze kwekunge Mwari Samasimba amubata." Akaenda . . .

26 Akaenda ndokunoudza mufundisi wake. Mufundisi ndokuti, "Handi—handina kukodzera," akati, "ku—kushanda nekupodza kwaMwari uku, nokuti handina . . . hazvingorimo mandiri, kutenda kwazvinotora kuti ndizviite." Zvino, izvozvo, ndiko kunonzi kutendeka nezvazvo. Maona? Akati, "Hazvingorimo mandiri." Akati, "Asi ndakange ndiri kune mumwe musangano weHama Branham, zvino ndinokuraira kuti uende nemwana kuna Hama Branham." Uye chiremba akanga atadza kumubatsira, zvino akanga ari kuzofa.

27 Zvino mudzimai muduku akafamba ndokuuyamo umo mandakange ndiri kuva neimwewo shu—shumiro yevana vaduku

vechiKatorike vakanga vatsva, muchikoro chiya kumusoro ikoko, munoziva. Munorangarira kuti ndirinhi. Takanga tiri kuva neshumiro iyoyo, zvino pakuuya nepapuratifomu kwakauya mudzimai uya muduku akapfeka sutu yebrown. Mudzimai wangu nevamwe vakanga vakagara ipapo, zvino ndikati . . . ndokutendeuka ndikatarisa, zvino ndokutarisa-tarisa kwese, kuti ndione kana vakanga vakamira ipapo. Uye zvakangoitika kuti, ndisati ndauyako, ndinotenda Billy Paul nevamwe vakanga vari kutaura, kana kuti mudzimai kana vamwe vavo, kumudzimai akanga aine kamwana kaduku. Zvino mudzimai akafamba ndokuuya kupuratifomu, zvino Mweya Mutsvene ndokuzarura nyaya yacho yose, ndokupodza mwana pakarepo.

28 Ndakafamba ndichibva, zvino kubvira ipapo handichangoneti. Muri kuona, hazvichandinetsi, uye ndi—ndinongoramba ndichienda mberi.

29 Zvino ndiri kutarisira kuti chimwe chinhu chiitike, chigotanga Kudhonza Kwechitatu kuya nemazvo. Maona? Uye zvichida shumiro yekupodzwa mangwanani eSvondo iri kutevera, pamwe ndiyo ichazviunza. Handizive.

30 Ndinofunga, isu zvatinofanira kuita, kuudza vanhu venyu, unzai varwere. Zvino, pashumiro yekupodzwa, tinofanira kuzvipira pavanhu vanorwara. Torai vanhu venyu vanorwara, movaunza pano nokukasika mangwanani eSvondo inotevera, sokuti zvimwe na eight kana eight thirty, uye tichavaita kuti vavape kadhi romunamato pavanopinda nepamukova, kana nzira ipi yavangazviite nayo. Uye zvadaro tichazova nemutsara wekunamatira uye tobva tanamatira varwere, zvino tigoona zvinoitwa neMweya Mutsvene.

31 Ndinotenda kuti Achaita zvishamiso kana tikangoMutenda, munoona. Asi tinofanira kuMutenda nokuda kwazvo zvino, nemoyo wedu wose. Uye ndinofunga kuti nguva iya huru yasvika apo Mwari, sokutaura kwatanga tichiita mangwanani ano, vatiratidza zvakawanda, nokutiunza pamwewo . . . kusvika pane chimwe chinhano. Kungosairira seri kwechikomo icho, ndizvo zvoga zvatinoda, zvadaro zvobva zvatoitika. Muri kuona, ku—kuenderera sokunge chaive, chinhu chimwe chete, nekunzvera zvakavanzika zvemoyo, zvimwe chete nekuporofita, kutarira.

32 Ndakanga ndakamira paCalgary . . . ndine urombo, raiva guta ramambokadzi, zasi kuRegina, Regina. Zvino Ern Baxter akanga akamirapo, nerimwe boka redu. Zvino Ishe vakanga vandiudza, pano chaipo papuratifomu, "Zvichaitika kuti, uchaziva zvakavanzika zvemoyo yavo." Uye ndizvo chaizvo. Uye handina kumbozvifunga nenzira iyoyo. Ndakafamba ndichienda papuratifomu manheru iwayo, naErn, zvino ndokutanga kunamatira varwere. Zvino hepanoi ndokuuya mumwe murume, ndokunyatsobhedhenura upenyu hwake hwese; kekutanga

kwazvo kuti zviitike saizvozvo, kamwekamwe, mushumiro yekupodzwa. Zvino ndakatarisa nepamusoro peungano, zvino Wakatanga kudzika nepamusoro peungano nezvimwe. O, kana tasvika kune rimwe divi! Chimwe chikamu chepakati hachisati chataurwa nezvacho, chezvinhu, zvokutarisira, uye nokuona zvinhu muhupenyu hwevanhu. Hapana chandinotaura nezvazvo. Ndinozvisiya zvakadaro, munoona, kunze kwekunge ndanyatsogombedzerwa kutaura chimwe chinhu.

33 Uye zvino ndinotarisira izvi zinotevera kuti zvitangewo saizvozvo. Munoona, Mwari, nenzira yaKe pachaKe, munguva yaKe yaAnozvitongera, kuzvitanga. Uye chi—chichava chimwe chinhu chichange—change chakadarika nekure chero chezvimwe zviviri izvi. Maona? Uye ndiri kutarisira kuti zviitike.

34 Pamwe zvichida, ndafunga, kana ndikava neshumiro yekupodza duku pamwe musi weSvondo unotevera. Zvino musi weSvondo unotevera zvichida ndichange ndisipo ndiine vana nevamwe, nokuti vanofanira kudzokera vozoenda kuchikoro. Uye zvino musi weSvondo inozotevera, ini, saizvozvo, ndinenge ndiri kumusoro muChicago, pamusangano kumusoro ikoko. Zvino ndozodzoka Muvhuro unotevera, nokuzoenda Chipiri ku—kuArizona, kuitira kuti vana vadzokere kuchikoro.

35 Saka, chii chamawana, mufundisi? [Hama Neville vanoti, "Zvakanaka, ndawana chimwe chinhu chinoshamisa zvikuru."—Mupepeti.] Zvakanaka, zvakaisvonaka kwazvo, zvino tinoda kunzwa nezvazvo.

36 Saka zvino I—Ishe vakuropafadzei, zvakanaka kwazvo, kwazvo. Uye ndi—ndine tariro yokusangana nemi musi weSvondo unotevera. NeChitatu manheru . . .

37 Uye teererai. Musakanganwe machechi maduku aya, saHama Ruddell, Hama Jackson, Hama Parnell, nehama dzose duku dziri kushingaira zvakaoma kwazvo kunze uko, muri kuona. Vanonzwa kuti tiri kereke yavanowadzana nayo semukoma wavo—wavo—wavo pano, munoona. Tiri boka rakaita saamai vaduku kwavari. Ndipo pavakaberekerwa, vachibva pano, vafundisi nevamwe vakadaro.

38 Uye muchinda muduku shure uko, hama, ndakasangana naye umwe usiku uko, Allen, Hama Allen vaduku. Ndinovimba kuti Hama Collins vachafambidzana neHama Allen, kana vasingavazive. Vari vaviri vashumiri veMethodist, uye va—vakaona Chokwadi cheShoko.

39 Apo, sa—sangano rekereke yeMethodist, rinova boka revanhu vakanaka vari muMethodist iyoyi. Usambofa wakafunga kuti havasi. Vakadaro. Mune boka revanhu vakanaka mukereke yeKatorike. Mune boka revanhu vakanaka mukereke yePresbyterian. Nedzimwe nzvimbo dzose uko, varume nemadzimai vakamirira kuona Chiedza chiya chichivheneka munzira yavo. Iwe ingoramba uchivheneka

Chiedza, mukuzvininipisa, mukutapira. Ngatikurei tose tichiswedera pedyo naMwari, nokuzvininipisa. Maona?

40 Musakanganwe, tabhenakeri ino icharasikirwa nesimba rayo. Rangarirai kuti ino ndiyo nzvimbo iyo Satani akanongedzera pfuti dzake dzose dzegehena. Achaita kuti mumwe munhu agoita chinhu chinopesana nezvinofungwa nemumwe. Ari kuzviita. Ari kuda kuzviita. Ndiro basa rake, kana akagona kuwana mumwe munhu kuti ataure chimwe chinhu, mumwe munhu kuti agotaura nezvemumwe, oti, "Saka, chinzwaka, unoziva here zvakaitwa *naNhingi nhingi*?" Usazviteerere. Usazviteerere, zvachose. Ndidhiyabhore. Muri kuona, ndiSatani. Usazvitende.

41 Kana paine chinhu chakanganiswa nemumwe munhu, vanamatire. Uye usanamate nenzira yeundini, woti, "Ndinoziva kuti ibasa rangu, ndinosungirwa kunamatira hama iyi." Iwe zviise mumoyo mako, pakadzika chaipo, kuitira hanzvadzi iyi. Uye ingotaura uye ugova unonyatsotapira, zvino chinhu chokutanga unoziva, unovawana vadzoka mukushumira zvakare. Maona? Nokuti, zvisinei, takananga takatarisa pakudoka kwezuva.

42 Ishe Jesu vachauya rimwe ramazuva. Uye, munoziva, ndinofunga kuti zvichaitika kamwe-kamwe uye zvichinyatso—nyatsotapira, uye nokudaro kuchava nezana kubv-. . . chikamu chimwe kubva muzana chepasi rose havasi kuzomboziva apo Kubvutwa pakunoitika. Zvichangoitika muchinyararire zvokuti hapana munhu anozoziva nezvazvo. Maona?

43 Zvino kuchava, saizvozvo, mapoka maduku achati, "Saka, zvino, *Nhingi-nhingi*?"

44 "O, vanoti pane boka remipengo riri uko, vanoti pane boka rakabva ipapo, uye ivo. . . Handizvo. Pane kumwe kwavangoendawo. Takambova nokupengereka uku, munoona."

45 "Hamheno, vanoti tabhenakeri iya duku, iri munzvimbo inonzi Jeffersonville, pane nhengo dzayo dzakawanda dziri kushaikwa."

46 Munoona, vanongozvishaisa basa. Vanoti, "O, hapana zviripo paya, muri kuona," saizvozvo, zvino Kunenge kwapfuura uye havazozvizivi.

47 Kubva munyika yose, kuchauya, avo vakafa munaKristu vachatanga kumuka. Kubvutwa kuchabva kwaitika, Kereke inobva yatorwa kuenda kuMusha. Zvadaro Matambudziko anobva atanga, uye, o, ini zvangu, hatidi kunge tiri pano panguva iyi. Handidi kunge ndiri pano muMatambudziko. Kwete. Mwari vasatendere kuti pave nemumwe wedu anenge ari pano panguva iyoyi. Nokuti, "uyo ane tsvina acharamba aine tsvina; uyo mutsvene acharamba ari mutsvene; uyo akarurama acharamba akarurama." Hapana. . . Gwayana rauya neBhuku raRo reRudzikinuro, uye Mwenga unenge

wabuditswa. Avo vakaUramba vanofanira kupfuura nemunguva yeMatambudziko, vose muJudha nemuHedheni. Inguva yakadini yeMatambudziko! Handidi zvakadaro.

48 "Ishe, ndichenesei zvino." Idzidziso yakanaka yeNazarene, handiyo? [Hama Neville vanoti, "Ameni."—Mupepeti.] Uye ichokwadi, zvakare. Ichokwadi. Ndizvo chaizvo. "Ndizadzei iye zvino neMweya weNyu Mutsvene, Ishe. Bvisai nyika yose mandiri zvino, Ishe. Musa—musatirega kuti tive . . . "

49 Sokureva kwakaita hama mutana wechitema, "Changamire, ndine tikiti rangu muruwoko rwangu. Ratoboorwa. Kana ndasvika zasi kurwizi, mangwanani aya, handisi kumboda dambudziko."

50 Saka, zvinenge ndizvo chaizvo, ha—handisi kumboda dambudziko. Bata tikiti rako muruwoko rwako, nokuti tiri kuyambukira mhiri. Zvifungei izvozvo, nguva huru yerudzikinuro yaswedera.

51 Uye zvino chimwezve chinhu. Hama, inonzi ani, kumusoro kuno uku kuUtica? Ndinofunga Hama Graham, pamwe neimwe hama ikoko iri kufudza ikoko. Imwe Hama Shanks kana zvimwe zvakadaro, kana Sink? [Hama Neville vanoti, "Hama Snelling."—Mupepeti.] Hama Snelling ndivo mufundisi, zvachose. Hama Snelling ndivo mufundisi kumusoro kuUtica zvino. Ndinofunga kuti shumiro yavo yemunamato iriko ne . . . ["China manheru."] China manheru. Zvino, munoziva, chingave chinhu chakaisvonaka kana tikaendako chinyararire China manheru zvino tigoratidza machinda aya kakuyanana. Maona? Uyewozve kana Hama Jackson, panguva iyo yavanovawo neyavo, kana tikangotorana kaboka kaduku tobva taenda.

52 Ingorambai muchinamata, rambai muchichera! Hongu, musamira. Sezvakaita apo Eria akavataurira, achiti, "Cherai migero kunze uko!"

Kana wadzika, ukarova chigaba, woti, "Ndaneta zvikuru"? Chikandire kwakadaro kubva munzira zvino woramba uchichera. Maona? Chingorambai muchichera, nokuti tinofanira kuchera. Tinotongofanirwa kuchera, ndizvo zvoga. Nokuti, kana iwe—kana iwe uri kutarisira kupotsa Matambudziko, unofanira kuchitanga kuchera.

53 Zvino, kwandiri ini, ndiri kuzviparidzira ipapo. Ndave kutotanga kuchera zvakawedzera kudzika kudarika zvandakambochera. Nokuti, ndiri kunzwa zvakadaro, muno munyika nepasi rose, kuti shumiro iyi ichazviita zvakare, sezvo yave kuzivikanwa zvino kuda kwese-kwese pasi rose. Ndi—ndinofanira kuenda zvakare.

54 Mudzimai wangu akati kwandiri . . .Mamwe mangwanani, ndakati, "Ndinoda kuti ugoenda neni pandinoenda. Ndiri kuenda nechemunaNdira, Ishe vachitendera. Ndiri kuda kuita rwendo rwekuenda pasi rose, kupoteredza kwese; ndodzoka uye

zvichida ndova nemisangano muUnited States, pane imwe nguva muzhizha rinotevera."

Zvino akati, "Ndachemberesa handichakwanisa kuenda."

55 "Saka," ndakati, "ndakaenda pandakanga . . . parwendo rwangu rwekupedzisira mhiri kwemakungwa, kuda makore masere apfuura, zvino ndiri kunzwa kuti ndiri muchinhano chiri nani zvino kudarika zvandaiva makore masere apfuura, munoziva. Maona? Ndave kuziva zvakawanda nezvazvo zvino."

56 Zvino takazosvika pachidzidzo, "Kana Ishe vakati, 'Ndichakupa makore ari muzvikamu makumi maviri nemashanu. Hausi kuzoshaiwa simba. Uchange uchikwanisa kuenda, uye ndichakupa makore ari muzvikamu makumi maviri nemashanu pano panyika,' ungatora here kubva—kubva pakuberekwa kusvika makumi maviri nemashanu, kana kuti kubva pamakore makumi maviri nemashanu kusvika makumi mashanu, makumi mashanu kusvika makumi manomwe nemashanu, kana makumi manomwe nemashanu kusvika zana?"

57 Zvino, chero munhu akatemerwa nguva pano pasi, angaita zvirokwazvo chinhu chisina maturo kana akasapedzera nguva iyoyi achishumira Mwari. Handina basa nezvaanoita.

58 Zvino, kana uchida kuva munhu anogodora moyo yemadzimai, nezvimwe zvakadaro, zviri nani utore zera rechidiki, aya makumi maviri nemashanu okutanga. Maona?

59 Kana uchazova karipenda, makanika, kanawo zvimwe, zviri nani utore aya makumi maviri nemashanu echipiri. Maona?

60 Zvino ndakanga ndiri kufunga kuti, "Ko inini? Ndichatora papi?" Ndingatora makumi manomwe nemashanu kusvika zana. Ndinenge ndawedzera kungwara, kuchenjera. Ndinenge ndanyatsogadzikana. Ndinenge ndave kuziva zvakawanda pamusoro pezvandinenge ndichiita. Ndava nemakore gumi, masere kana gumi, akadarika nguva yapfuura pandaive mhiri kwemakungwa. Handichasvetuka-svetuka sokunge ndiri kuuraya nyoka. Ndave kuziva zvakawanda nezvazvo, munoona. Ndinoziva maitirwo azvo.

61 Zvakafanana nembwa yekuvhimisa majerenyenje ichirwisana nejerenyenje, muoona. Unoziva kuti unoribata sei. Haungosvetukiramo; rinokumaranzura. Munoona, unoziva mano aro zvino wocherechedza zvarinenge richiita. Zvino tinozodzidza zvakawanda pamusoro pemuvengi. Saka tinofanira kuziva mano ake ose, nemasvikiro aanoita, nezvaanoita, nokudzidza zvibhakera zvake, zvadaro wadzidza zvokugona kuenda kunorwa naye, munoona.

62 "Saka ndinotenda zvino," ndakaudza mudzimai wangu, "ndinotenda kuti ndiri muchinhano chiri nani zvino kudarika zvandaiva pandaiva nemakore makumi mana, ndikaenda."

Muri kuona, ndave nemakore makumi mashanu nemana. Uye ndinotenda kuti, kana ndakararama uye ndichiri kukwanisa kuita sezvandiri kuita zvino, ndava nemakore zana, kana ini . . . kana Jesu akasauya nguva yakareba zvakadaro, ndinenge ndave muchinhano chiri nani ipapo kudarika zvandiri iye zvino, kuti ndiende. Maona? Nokuti, wave kuziva zvakawanda nezvazvo, wave kuziva zvakawanda pane zvinoda kuitwa, uye nemabatirwo azvo, nemabatiro aunoita chinhano chacho.

63 Tora vanhu vakawanda zvino, kana vari vachazooparetwa. "Vanoti chiremba mutsva achangobva kugrajuweta musi uno, uye achangobva muchikoro chavanachiremba. Haasati amboopareta. Regai aite."

64 "O, kwete," unoti, "hapana chinoitwa. Kwete muchinda uyo. Kwete, changamire. Zvisinei, kwete, zvachose. Handidi kuti aise banga pandiri. Saka, zviri nani ndidzike zasi uko ndinotora *Nhingi-nhingi*. Ndakanzwa kuti akaita maopareshen akawanda. Anoziva maitirwo awo." Ndizvozvo, munoona. Ndiyo nyaya yacho.

65 Munofunga pamusoro pezvizvi, asi ko munhu uya wemukati? Ndinoda mumwe munhu anoziva paamire, uye anoziva nzira; akamboifamba. Hongu, zvirokwazvo.

66 Ishe vakuropafadzei. Zvakanaka, Hama Neville, kwirai kuno zvino. Uye Mwari aropafadze Hama Neville. Musakanganwe zvino, musi weSvondo unotevera.

67 [Hama Neville vanotaura nezvaHama Branham neHama Vayle kweminiti, zvino vozoti, "Uye ndine mufaro kuchingamidza vashumiri vaMwari, kunyanya avo vari kubatirana pamwe neIzvi, uye nemaZviri pamwe chete nesu. Ndinofarira kuvanzwa."—Mupepeti.] Ameni. ["Saka ndakumbira Chiremba Lee Vayle, ndati, 'Mungashumirewo here kana Hama Branham vakasazviita?' Zvino Hama Branham havana kuzviita. Vanogona kunge vanga vari kuzviziva izvi."]

Kwete, ndanga ndisiri kuzviziva. Ndingadai ndisina kana kumbotaura zvakareba kudai.

68 [Hama Neville vanoti, "Saka ndakumbira Hama Vayle, manheru ano, kuti vagotishumira, zvikaitika kuti Hama Branham havana. Nokuti vakabatana navo mumisangano, uye vanoziva nezveNzira, Nzira ino. Uye tinofara kuva neHama Vayle. Ndinovakoshesa nekuvaremekedza sezvandinoita vamwe vose vashumiri, uye sezvandinoita vamwe vose. Zvino kana vakauya havo manheru ano vagotaura vakatimiririra, ndingafara kuti ivo vazviite."—Mupepeti.] Ameni. ["Mwari aropafadze, uye ngatinamatirei Hama Vayle. Vamwe venyu hamusati mambovanzwa, uye ndinovimba kuti muchavanamatira."] Hongu.

69 Ndanga ndisina kufanira kutora nguva yavo yose. Ndinokumbira ruregerero kuungano. Ndanga ndisiri kuziva,

ndigere apo, kuti ivo . . . izvi zvanga zvatorongwa. Mwari vakuropafadzei, Hama Vayle.

70 [Hama Lee Vayle vanoti, "Zvanga zvisina kurongwa. Vati, kana imi 'musina kutaura.' Zvino mauya." Hama Branham neungano vanoseka—Mupepeti.] Zvakanaka. Zvakarurama.

71 Ndinopota ndichivanzwa, pachangu. Hama Vayle vakataura kakawanda mberi kwangu, mumisangano, ne—nezvimwe zvakadaro. Vakatungamirira misangano kwenguva refu, uye ihama yakanaka, yakaita basa rakaisvonaka. Uye ndine chokwadi chokuti ungano ino inofara nguva dzose kunzwa Hama Vayle pavanotaura. Ishe varopafadze Hama Vayle.

72 [Hama Vayle vanotaura kwemaminitsi makumi manomwe pana Marko 16:15-20 nemamwe Magwaro, ane musoro wekuti: *Sei Mark 16 Isina Kushanda? Uye Kuti, Maererano neMagwaro, Inga Itwa Sei Kuti Ishande*—Mupepeti.]

73 Kwataurwa zvakawanda kusvikira ha—ha—hapana zvandanga ndichagona kutaura kuti zviite zviri nani. Uye ndinotenda zvirokwazvo kuti vanga vari Ishe vashanda izvi kune Hama Vayle kuti vaunze mharidzo iyi, shure kwemangwanani ano. Munoona, zvinofanira kushanda nenzira iyoyo. Ti—tinoigamuchira kubva kunaMwari. Handiti, pane zvinhu zvakawanda zvavanga vachitaura; Ndi—ndi—ndine mharidzo makumi maviri dzandanyora pasi pano, kubva pane zvavataura.

74 Ndanga ndiri kufunga pamusoro pemuenzaniso mumwe chete muduku, wekutsigira zvavataura. Zvino, tinotarisa wachi iyi, kuti tione kuti inguvai. Kunze kwekunge zvinhu zvose zviri muwachi iyi zviri kufambirana, chimwe nechimwe, hatizombozivi nguva chaiyo. Ndizvo here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Zvino izvozvo zvinotora isu tose, pamwe chete, kana tichida kuona Kudhonza Kwetatu kuchinyatsoitira Mwari chimwe chinhu, kushandira pamwe mumwe nomumwe muhumwe, kuzvininipisa pamberi paMwari nokureurura kukanganisa kwedu, nokunamata nokutenda Mwari nokuda kwezvinhu izvi.

75 Ndinotenda zvirokwazvo kuti zvataurwa neHama Vayle iChokwadi, kuti Mwari havazombofi vakaisa Mweya waVo mutembere isiri tsvene, isina kururama, isingateereri. Kwete. Zvinofanira kuuya ne—nenzira yekusukwa kwemoyo yedu kubva kunduru yose nokusarurama, kuitira kuti tigova takachena pamberi paMwari, kuitira kuti vagoshanda Mweya waVo Mutsvene wakachena nematiri, kuitira kuti zvinhu izvi zviitike. Ndi—ndinofunga kuti, kana maenda kumba manheru ano, kana mukaverenga Bhuku riya duku raJudhasi, muchadzidza zvakawanda zvino pane zvataurwa neHama Vayle. Uye vati, "Ndinonyatsorwira Kutenda kwakambopiwa kuvatsvene." Vakabva paKuri. Apo varume vane ndangariro dzakawora,

nezvimwe zvakadaro, vakauya ndokuvanyengera kubva—kubva kuzvinhu chaizvo zvaMwari.

76 Mwari anogona kushanda bedzi sokuMutendera kwatinoita kuti ashande. Uye pane zvinhu zvakawanda zvinoshamisa, zvandiri kuti . . .

77 Munoziva, vanhu vanoda simba, asi chaizvoizvo havazive kuti simba chii. Munoona, ivo—ivo havanyatsozivi zvi—zvi—zvinoenderana naro. Nzi—nzira yokuenda kudenga iri pasi, nguva dzose. Kana uchida simba, ona kuti unogona kuzvininipisa zvakadini. Ibva pamafungiro ako ose enyika, ugozvininipisa pamberi paMwari, zvino zvadaro une simba kudarika muhu anomhanya-mhanya kwese muchivakwa uye achiita ruzha rukuru rwakawanda; munoona, nokuti wakagona kuzvikunda pachako, nokuzvikumikidza kunaKristu, munoona, kuzvininipisa pamberi paKe. Ndiro simba remazvirokwazvo.

78 Iwe ndiratidze kereke yakazvininipisa, yakanyatsozvininipisa, kwete yaka—yakasindimara; kereke, inongotapira, kereke yakazvininipisa, ndichakuratidza kereke inodiwa uye ine simba raMwari mairi. Ndizvo chaizvo. Ndicho chinhu chazvinotora, kuninipa, kuzvininipisa pamberi paMwari, kurega Mwari vachingoshanda nematiri. Haufanirwe kunge uchiita ruzha rwakawanda.

79 Dzimwe nguva, sekutaura kwakaita murimi, akaenda kumunda nengoro yake, zvino, nguva dzose paairova ghadhi, yaingongwendereka ichienda mberi. Asi paaidzoka, akarova ghadhi rimwe chete hapana ruzha rwayaiita zvachose, nokuti yakanga yakazadzwa nezvinhu zvakanaka.

80 Saka ndinofunga kuti zvingangoda kuve zviri izvo chaizvo, munoona, kuti tinozadzwa nezvinhu zvakanaka zvaMwari, kuti muchero weMweya ugozivikanwa nematiri. Sokutaura kwavaita kakawanda nezveVakorinte Vekutanga 13 apo, uye kuti, sei, "Kunyange ndikapa muviri wangu kuti upiswe, uye ndigova nezvinhu zvose izvi, uye ndisina rudo; hapana zvazviri, hazvindibatsire." Munoona, tinoda kudaro.

81 Pamusoro pazvose, munhu wedu pachedu wemukati watine mungava pamberi paMwari. Munoona, ndi—*ndiwe* uri kuenda Kudenga. Hazvisi zvekuti kana *ini* ndaenda, kana *iye* anoenda. *Ndiwe* uri kuenda, munoona, uye iwe kutanga. Uye unofanira kuratidzika saizvozvo zvino wouya nokutapira pamberi paShe.

82 Uye ndagara nguva dzose ndichiona kuti munhu anozvininipisa ndiye munhu anosimudzirwa naMwari. Kana ukatora munhu ane dundundu rake riri panze uye achiziva zvinhu zvose, uye hapana chaungamuudza, uye akasindimara, uye—uye, saka, ndi—ndiye munhu asina kwaanosvika. Asi tora uyo munhu anozvininipisa uye anofamba mukutapira.

83 Ndaitaura nemumwe murume pane rimwe zuva, ari kuronga kereke uko ku. . .akabuda kubva musangano rakanga riripo.

Zvino, saka, ndiHama Boze, uye nekereke yavaimbova nayo, vaiva nekereke huru iyi kwenguva yakareba, uye Ishe vakanga vari kuropafadza. Zvino vanhu vakasvika pokuti vakanga vave kuda kuzvikwenenzvera sevamwe vose, zvino vave kuda kuikandira musangano. Zvino pavakazviita, zvakango . . . vaya Makristu akazvininipisa vaivemo vaisada izvozvo. Upenyu hwavo hwese, vakanga vakadzidziswa kuzvipikisa, saka vakabva pazviri. Zvino vave neboka, uye Ishe avaropafadza kusvikira vave kupindira, munzvimbo yakakura zvino zvakare, mukereke zvino inopinda vanhu zviuru zvina kana zvishanu, uye vave kutangisazve patsva.

84 Zvino vakauya kwandiri, ndokuti, "Hama Branham," vagere imomo chaimo muhofisi, hofisi yemuchechi, rimwe zuva. Zvino akati, mumwe wevatungamiri, Hama Carlson nevamwe, vakati, "Tinofanira kuita sei?"

85 Ndikati, "Wanai murume anozova mufudzi uyo asina mukurumbira mumasangano ose, inongori hama yakanaka, yechokwadi, inotapira, yakazvininipisa anorarama upenyu hwacho. Mwari ndivo vanozoona zvekuita nezvimwe zvacho zvose, munoona." Ndikati, "Mufundisi akanaka anongopa chikafu kumakwai, uye akazvininipisa nezvimwe, Mwari vanozoita zvimwe zvose. Kana muka . . . Kwete mumwe uyo anoziva zvose achipinda, achizoisa *izvi* muhurongwa, uye izvi zvinofanira kunge zviri nenzira *iyi*, achidimbura-dimbura zvinhu." Ndikati, "Hazvife zvakashanda. Muchangosvika kwazviri."

86 Ndizvo chaizvo, nhengo yese mukereke inofanira kushanda pamwe chete, uye unofanira kuchengeta chikamu chako chayo. Saka tinoona kuti inguva ipi yatiri kurarama mairi. Tinogona kunge tave pedyosa kudarika zvatinofunga.

87 Zvino, tinokoshesa Hama Vayle. Handizvo? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Ishe vakuropafadzei, Hama Vayle. Maita basa. Uye tinotenda Ishe nokutiunzira mharidzo huru iyi manheru ano.

88 Uye ndapiwa chinyorwa, maminiti mashoma apfuura. Imwe yehanzvadzi yanga ine chimwe chinhu chayanga ichida kutaura, muchiroto. Kana mukangogona kundinyorera, hanzvadzi, ndi—ndiri . . . Akambovapa zvimwe zviroto zvirokwazvo zvaive zvechokwadi. Hatigamuchire zviroto zvose. Kwete, kwete. Asi kana zviri zvaMwari, tinoda kuziva kuti ndiMwari vari kutaura nesu.

89 Sokuti zvinhu zvose zvinotaura nendimi, hatizvitendi; asi kana pakava nedudziro inouya iyo inotiudza nezvechinhu chichazoitika, tochiona chichiitika, zvadaro tinotenda Ishe nokuda kwazvo. Maona?

90 Tinoda kuzvichengeta zvichimhanya zvakanaka, mukutapira, uye muhurongwa hwaShe. Saka ingorangarirai,

kuti chikamu chako chinogona kunge chiri chespring huru, kana kuti chinogona kunge chiri cheduku, kamwe karuwoko kaduku, kana imwewo nhengo duku, kana kasimbi kokugadzirisa nguva pawachi, kana kuti chingavei, kana mawoko ari pamberi pewachi, anotaura nguva. Asi chingavei, zvinotora isu tose tichishandira pamwe chete muhumwe neEvhangeri yaJesu Kristu, kuti izvi zviitike.

91 Pafungei! Kana zvipo zvakakura kudai, zvatinoti simba; uye Pauro akati, "Kunyange ndine kutenda kwekuti ndinokwanisa kufambisa gomo, uye ndisina rudo, handisi chinhu." Funga nezvazvo.

92 Uye kunyange tikati, "Zvakanaka, kunyange ndi—ndakanzwisisa . . . dai ndaiziva Bhaibheri."

93 "Kunyange ndikanzwisisa zvakavanzika zvose zvaMwari, munoona, uye kunyange ndikagona kuzviita uye ndisina rudo, handisi chinhu. Munoona, hapana kwandati ndasvika." Munoona, chinhu chikuru chine basa, ida Mwari, wozvininipisa naizvozvo.

94 Zvino, zvirokwazvo, mushure memakore ose aya mumunda wekuvhangera pamwe nekupoterera pasi rose, nokuona vanhu vakasiyana-siyana, ndinofanirawo kuziva zvishoma pamusoro pesuwo rokupinda naro. Zvino kana uine kwaunoda kusvika naMwari, usambofa wakarega mweya wokusindimara uchitombouya pauri. Usarega nduru ichipinda. Zvisinei zvaitwa nemumwe munhu, kana vari vakanganisa, usambofa wakava nemaonero akaipa kumunhu iyeye. Maona? Iwe iva unotapira uine tsiye nyoro. Rangarira, Mwari vakakuda pawaive muchivi. Zvino kana Mweya waMwari uri mauri, unoda mumwe munhu kunyange achikanganisa. Munoona, ingovanamatirai, pamwe nokudanana.

95 Pamusoro pazvose, idai Mwari uye dananai. Uye muzvininipise kunaMwari nokune mumwe nomumwe, zvino Mwari vanotiropafadza, uye hazvitauirike izvo zvaVanozoita. Kazhinji kana kereke yave kukura muhuwandu uye yave kuita ichiwedzera kukura, kana zvimwewo zvakadaro, zvino ndipo pavanobva pachinhu chaicho, chinhu chaicho.

96 Munoziva here zvakaita kuti zvinhu izvi zviitike, pandakatanga zvino Ishe ndokuuya kwandiri zasi murwizi ndokundiudza izvozvo? Zvino Hama Vayle vakazviona, ndinotenda, mupepa muCanada, makore akawanda apfuura, apo Mutumwa waJehovha akaonekwa parwizi zasi uko, zvaive muAssociated Press, "Chiedza Chisinganzwisisike pamusoro pemushumiri wemunharaunda, paainge ari kubhabhatidza." Zvino—zvino munoziva here chakazviita? Patakange tine musangano uya wemutende mhiri kwemugwagwa, tende raigara vanhu kuda, o, mazana makumi maviri nemashanu, vashumiri vakauya vachibva kwese-kwese, zvino ndokuti, "Hama, uyai

pano kweminiti." Ndakanga ndingori mukomana, sokuti, o, ndaingori mwana. Zvino vakati, "Ko unochengetedza sei vanhu ava vari muhumwe? Vanodanana kusvikira . . . handisati ndamboona vanhu vanodanana."

97 NdiShe. Ndipo pakavakirwa kereke ino, rudo rwuya rwehumwari, rwehukama mumwe kune mumwe. Ndaivaona kunyange vachikwazisana nemawoko, vachibva panzvimbo, vachichema sevacheche, nokuti vave kusiyana. Vainyatsodanana chaizvo zvakadaro. Uye ndaigona kuenda kumba kwavo kunovashanyira, uye pane dzimwe nguva Bhaibheri rainge riripo rakazaruka ratindivadzwa nemisodzi. Ukauya, munguva dzemanheru, apo vanababa navanaamai vainge vakaungana pamwe chete, nevana vavo vaduku vagere ipapo pasi, vakapfugama; navanababa navanaamai vari pamabvi avo, vachichema pamwe nokunamata. Ndaimira pamusiwo ndigomira ndigomira ndigomira. Uye havaimira kunamata, ndaizongogara pamasitepisi ndotanga kunamata, pachangu, ndakavamirira, muri kuona. Zvino nde—ndekareko. Uye vaidanana. Vaidanana. Taiwanzomira zvino toimba chimbo chiya chakare:

> Ngachiropafadzwe chisungo chinobatanidza
> Moyo yedu murudo rweChikristu;
> Kuyanana kwepfungwa dzine ukama
> Zvakaita seizvo zviri Kudenga.
>
> Kana tikaparadzana,
> Zvinotipa marwadzo emukati;
> Asi ticharamba takabatana mumoyo,
> Uye totarisira kusanganazve.

98 Ndinotaura izvi nomufaro mukuru mumoyo mangu, kunaKristu. Vazhinji vavo vavete mumarinda aya ane mucherechedzo manheru ano, vakamirira rumuko rwuya rukuru apo patichazosanganazve zvakare.

99 Musarega mweya uyu uchibva panzvimbo ino! Kana zvikaitika kuti wabva, zvino handina basa kuti mufundisi wenyu anogona kutaura zvakatsetseka zvakadini, kuti angagona zvakadini kuunza Shoko raMwari, Mweya waMwari unenge wagumburwa waenda. Maona? Kana tikakwanisa kuva nezvinhu zvose mukuyanana, pamwe chete, uye tichidanana, zvadaro Mwari vanozoshanda nesu.

100 Zvino tiri kuchengeta nguva, iyo yokuti vanhu vanouya nepano vanoti, "Kana uchida kuona kereke yakanyatsozvininipisa, kereke inonyatsoda Mwari, imboenda kumusoro uko kutabhenakeri pane imwe nguva ugovatarisa. Ugoona hanyn'a yavainayo mumwe kune mumwe, ruremekedzo; kana Vhangeri riri kuparidzwa, kuremekedza kwacho, uye kuti zvinhu zvose zvinongori muhurongwa." Hongu, vanokwanisa kutarisa vachiona kuti inguvai yatiri kurarama. Muchaona

Mweya waMwari uchifamba pakati penyu, zviratidzo zvikuru nezvishamiso nezvinhu zvichange zvichiitika. Kana chinhu chiri kushanda pamwe chete, chiri kutaura nguva. Asi kana chisiri kushanda, zvino nguva inenge yamira, hachizotauri nguva zvakare. Saka kana tichida kuona kuti inguvai yatiri kurarama mairi, ingotangai munhu wese achishandira pamwe chete muEvhangeri, nokudanana, nokuda Mwari, zvino mawoko amene anozotaura nguva yatiri kurarama mairi. Munozvitenda here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Chokwadi. Ameni. Ishe vakuropafadzei, zvikurusa.

101 Musakanganwe zvino, endai muvhiki rino. Zvino kana uchiziva mumwe wevarwere vari kuuya, vaudze, pavanouya, iti, "Mudikani, ndinoda kukubvunza. Tiri kuzova nekunamatirwa kwevarwere, Svondo mangwanani, uko kutabhenakeri. Uye iwe wanga uchirwara kwenguva refu, zvino ndinoda . . . "

"Saka, ndinoda kuenda. Ndagara nguva dzose ndichida kuenda."

102 "Zvino, ndichangonzwa shoko Svondo manheru, kubva kune imwe hama uko, rokuti tinofanira kureurura zvivi zvedu mumwe kune mumwe, uye nokunamatirana, kuitira kuti tigopodzwa. Jakobho 5:14, 13, 14, 15, munoona, kuti tinofanira kureururirana zvivi zvedu tisati tatombouya kuzopodzwa. Hongu. Kureurura zvivi zvedu mumwe kune mumwe, nokunamatirana." Muri kuona? Munoona, ndizvo chaizvo zvavanga vari kutaura nezvazvo manheru ano, zvichidzosazve maropafadzo pamwe naMarko 16. Kwave kuzvibatanidza pamwe chete, wava nazvo, zvadaro kupodzwa kunoitika.

103 Tarirai kunaJesu, hapana zvimwe kunze kwechibutwa cherudo. Muri kuona? Akanga ari Mwari ari kuratidzwa. Iye, Mwari, vakazviratidza nemaAri, ndicho chikonzero mashura nezvinhu zvaiitika. Hupenyu hwaKe hwakazvininipisa, nehupenyu hwokuzvipira; kubva pakuva Mwari, kuva munhu pano panyika, kuratidza Mwari nemaari pachaKe. Ndizvo zvakaMuita kuti ave zvaAiva. Ndinogara ndichiti, "Icho chakaita kuti Jesu ave Mwari, kwandiri, yaiva nzira yaAkazvininipisa nayo. Akanga ari mukuru kwazvo, asi zvakadaro achikwanisa kuva muduku kwazvo." Muri kuona? Ndizvo chaizvo.

104 Ishe vakuropafadzei zvikuru kwazvo. Zvino ngatisimukei, tiparadzaniswe. Ngatingoedzai chiya, (pamwe hamuchizive, hanzvadzi), chiya, *Ngachiropafadzwe Chisungo Chinobatanidza*. Ngatichiimbei kamwe chete, mungadaro here? Tipeiwo kodhi yacho.

Ngachiropafadzwe chisungo chinobatanidza
Moyo yedu murudo rweChikristu;
Kuyanana kwepfungwa dzine ukama
Zvakaita seizvo zviri Kudenga.

105 Zvino patiri kuimba ndima yokupedzisira, ngatitore ruwoko rwemumwe nomumwe, "*kana takaparadzana,*" zvino chingoti, "Mwari vakuropafadze, hama, hanzvadzi. Ndinofara zvikuru kuva pano nemi manheru ano." Munoona, zvimwe zvakada kudaro, zvino wotendeukira shure zvino. Zvino ngatichiimbei.

Kana takaparadza . . .

Mwari vakuropafadzei, Hama Neville!

Zvinotipa marwadzo emukati;
Asi ticharamba takabatana mumoyo,
Uye totarisira kusanganazve.

106 Madiro atinoita Ishe Jesu! Handiti? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Zvati . . .

Kusvika tionane!
Kusvika tionane patsoka dzaJesu; (kusvika tionane!)
Kusvika tionane! kusvika tionane!
Mwari ave nemi kusvika tionanezve!

Ngativharei meso edu, tigochiimba muMweya zvino.

Kusvika tionane! kusvika tionane!
Kusvika tionane patsoka dzaJesu;
Kusvika tionane! kusvika tionane!
Mwari ave nemi kusvika tionanezve!

107 Zvino apo misoro yedu yakakotama. Tinongori vana, vana vaMwari. Ngatichiimbei mahon'era. [Hama Branham neungano vanotanga kuimba mahon'era, *Mwari Ave Nemi*—Mupepeti.] O, zvinounza sei Mweya waMwari kwatiri! Mungafungidzira here mazuva akare apo vaigara pahwendefa dzematombo?

Mwari ave nemi kusvika tionanezve!

108 Takakotamisa misoro yedu, ndichakumbira kana Hama Allen kumashure uko, hama itsva pakati pedu, kuti vatiparadzanise neshoko remunamato. Hama Allen.

ZVININIPISE SHO63-0714E
(Humble Thyself)

Mharidzo iyi na William Marrion Branham, yakaparidzwakwokutanga ne neChirungu Svondo manheru, 14 Chikunguru, 1963, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva pa tepi yaka rhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2015 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org